# Birge islesiw boyınsha Memorandumǵa qol qoyıldı

Sońǵı jılları elimizde sırt ellerdiń abıroylı joqarı oqıw orınları menen birge islesiw, mektep pitkeriwshi jaslarıń qızıǵıwshılıǵına qarap tuwrı baǵdarlaw, ilimiy baylanıslar alıp barıw maqsetinde bir qansha unamlı jumıslar ámelge asırılmaqta.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Atap aytqanda, búgin Qaraqalpaqstan Respublikası Mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriw ministrliginde Tashkent qalasındaǵı Britaniya menedjmenti universitetiniń basshıları menen ushırasıw bolıp ótti.

Tashkent qalasındaǵı Britaniya menedjmenti universiteti rektorı Conrad Ozog hámde usı universitettiń bólim baslıqları Katherine Rick hám Gullola Korabaevalar Qaraqalpaqstan Respublikası Mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriw ministrliginde miymanda boldı.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Kelgen miymanlardı Qaraqalpaqstan Respublikası Mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriw ministri G.Kojabaeva, ministrdiń birinshi orınbasarı A.Dauletbaev, Respublikalıq bilimlendiriw orayı direktorı Q.Jubanovlar kútip aldı.

Ushırasıwda Respublikamızdaǵı ulıwma bilim beriw mektep pitkeriwshilerin Britaniya menedjmenti universitetine oqıwǵa kiriw imkaniyatları boyınsha úgit-násiyatlaw, aldaǵı waqıtları birge islesiwdi ele de rawajlandırıw boyınsha memorandumǵa qol qoyıldı hámde keleshektegi is-rejeler belgilep alındı.